



Chè Kominote NPS:

### ***Objektif nou se asire chak elèv ale lekòl regilyèman***

Toujou vini lekòl gen yon gwo enpak sou siksè akademik yon elèv, kòmans nan klas matènèl pou kontinye nan lekòl segondè jiska gradyasyon. Menm lè timoun yo grandi epi yo vin pi endepandan, fanmi yo jwe yon wòl kle nan asire elèv yo rive lekòl san danje chak jou epi konprann poukisa ale lekòl vreman enpòtan pou yo fè siksè nan lekòl ak nan lavi a.

Nou konsyan gen kèk absans ou paka evite akòz pwoblèm sante oswa lòt sikonstans. Men, nou konnen tou, lè elèv yo rate twòp jou lekòl, pou kèlkeswa rezon an, yo ka anreta nan domèn akademik ak nan anpil lòt domèn.

Pitit ou a gen mwens chans pou l reyisi si li ap plede absan, sa vle di li rate 10% nan jou yo pou nenpòt rezon, tankou absans ki gen eskiz ak absans san eskiz. Yon timoun plede absan si li rate sèlman de (2) jou lekòl chak mwa!

- Timoun ki plede absan nan kindègadenn ak 1ye ane gen mwens chans pou yo konn li nan nivo klas la nan fen 3yèm ane.

Absans yo ka ogmante byen vit chak mwa, epi timoun ki absan, menm si yo gen eskiz, rate yon tan ansèyman ki gen anpil valab. Absans san Eskiz ak Absans ki Gen Eskiz yo se toujou absans lekòl yo ye, epi lekòl pitit ou a ap angaje sipò lè pitit ou a absan. Si pitit ou a absan nan lekòl la, atann ou lekòl la ap kontakte w ak yon mizajou sou prezans pitit ou a.

### **Li klè, Ale Lekòl Regilyèman se yon Bagay ki Enpòtan!**

Nou pa vle pitit ou a anretanan sa l ap aprann lekòl la epi pou l dekouraje. Tanpri asire w pitit ou a ale lekòl chak jou epi rive alè. Men kèk konsèy pratik pou ede w nan zafè prezans regilye ak rive lekòl alè chak jou.

- Asire w timoun ou yo dòmi nan yon lè regilye epi mete anplas yon woutin matinal.
- Prepare rad epi mete sakado depi nan lasware.
- Asire w timoun ou yo ale lekòl chak jou sof si yo reyèlman malad.
- Evite pran vakans oswa randevou kay doktè nan peryòd gen lekòl.
- Pale ak pwofesè epi konsye yo pou w jwenn konsèy si timoun ou yo santi yo estrese pou yo ale lekòl.
- Mete anplas yon dezyèm plan pou mennen li lekòl la si toufwa ta gen yon ka enprevi. Rele yon manm fanmi, vwazen, oswa yon lòt paran pou mennen pitit ou a lekòl.

Fè nou konnen kijan lekòl ou a ka pi byen sipòte ou ak timoun ou yo pou yo ka vin lekòl alè chak jou. Nou vle pitit ou a gen reyisi lekòl! Tanpri kontakte nou si w gen nenpòt kesyon oswa si w bezwen plis enfòmasyon.

## **Ki Nouvo Bagay ki Gen nan Lekòl Segondè W la Ane sa a?**

Rechèch yo montre lè elèv yo santi yo konekte avèk pwofesè yo epi yo santi pwofesè yo sipòte yo, yo gen plis motivasyon pou yo prezan lekòl la epi bay pi bon rezilta akademik. Elèv yo reyisi lè fanmi yo ak edikatè yo travay ansanm kòm patnè egal. Piyorize respè ak kreye yon espas kote elèv yo santi yo konekte ak granmoun nan lekòl la se sèlman kèk nan plizyè fason nou ka kreye angajman pozitif. Ane sa a, NPS ap chèche yon patenarya ant lekòl, fanmi ak elèv yo pou asire elèv yo ale lekòl chak jou epi rive alè.

### **Enfòmasyon sou Reta**

- Yo konsidere yon elèv anreta si li rive apre klòch la fin sonnen epi reta yo ap swa reta ki gen eskiz swa reta san eskiz.
- Si yon elèv rive nan klas anreta pase 30 minit oswa plis, y ap konsidere yo gen yon reta san eskiz (T30)
- Y ap konsidere twa (3) reta san eskiz (T30) kòm yon absans san eskiz nan klas la.

### **Pwosedi Konsènan Pa Konplè pou Rezon Absans (Incompletes for Attendance, IA)**

Elèv ki gen 18 absans (san eskiz oswa ak eskiz) nan yon kou pandan tout ane a epi 9 nan yon kou nan yon semès ka resevwa yon nòt Pa Konplè pou Rezon Absans (IA), olye yo resevwa nòt yo pase kou a, kòm nòt final la.

- Y ap enfòmè fanmi yo alekri si elèv yo gen risk pou yo resevwa yon nòt Pa Konplè pou Rezon Absans (IA) paske aktyèlman yo manke 10% oswa plis nan yon kou.
  - Elèv yo ap gen 30 jou kalandriye apati dat ki nan notifikasyon an pou bay plis enfòmasyon konsènan absans yo. Apre 30 jou kalandriye, nou p ap konsidere plis enfòmasyon.
- Elèv ki gen yon nòt Pa Konplè pou Rezon Absans (IA), nan youn oswa plizyè klas, ka rezoud li pandan y ap suiv lòt etap ki endike nan yon kontra ant lekòl la, elèv la ak fanmi an.
- Si yo pa rezoud nòt Pa Konplè pou Rezon Absans (IA) lan nan dat limit la, y ap mete yon nòt 50 nan plas li.

Si w bezwen sipò pou w ale lekòl, tanpri kontakte lekòl la pou jwenn èd.